



Pou Piblikasyon Imedya: 09/01/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO INISYATIV POU KONBAT KRIM AK  
AMELYORE SEKIRITE PIBLIK LA**

***Pwopozisyon Eta Leta a pral adrese pwoblèm sekirite piblik Nouyòkè yo, ki enkli vyolans ak zam, kanbriyolaj, vyolans domestik, ak krim rayisans***

***Leta pral etabli yon operasyon konjwen pami plizyè ajans fòs lòd epi kreye yon nouvo "Inite pou Aplikasyon Lwa Kraze epi Sezi" pou reprime kanbriyolaj, sipòte ti biznis yo ak travayè ki vann an detay yo, epi pote lapè nan lespri bay Nouyòkè yo***

***Mande Biwo Prevansyon Vyolans ak Zam Depatman Sante a pou aplike yon seri estrateji konplè ki vize pou anpeche vyolans ak zam***

***Investisman Eta yo pral sipòte yo pouswiv ak siksè moun ki komèt vyolans domestik ak sezi zam nan men delenkan yo***

***Bati sou efò kontinyèl Gouvènè a ap fè pou konbat krim rayisans nan New York, Gouvènè Hochul pral pwopoze lejislasyon pou elaji lis enfraksyon ki elijib pou pouswit kòm krim rayisans***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a plizyè inisyativ pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite kad diskou sou Eta Leta 2024 li a. Pandan Nouyòkè yo rete seryezman konsène sou krim ak sekirite piblik la, Gouvènè Hochul te anonse lansman yon operasyon konjwen ajans fòs lòd yo pou reprime kanbriyolaj pou sipòte ti biznis yo epi bay kliyan lapè nan lespri. Investisman Eta yo pral sipòte tou pouswit ak siksè moun ki komèt vyolans domestik epi retire zam nan men delenkan yo. Gouvènè Hochul ap mande tou Biwo Prevansyon Vyolans ak Zam (Office of Gun Violence Prevention) Depatman Sante (Department of Health, DOH) a pou aplike yon seri estrateji konplè ki vize anpeche vyolans ak zam. Bati sou efò kontinyèl Gouvènè a ap fè pou konbat krim rayisans, Gouvènè Hochul pral pwopoze lejislasyon pou elaji lis enfraksyon ki elijib pou pouswit kòm krim rayisans

"Si gouvènman an pa kapab kenbe Nouyòkè yo an sekirite, pa gen anyen ankò ki enpòtan", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nan ane ki sot pase a, nou te redwi vyolans ak zam epi nou te redwi fiziyad pa plis pase yon tyè nan tout eta a. Siksè nou nan

diminye vyolans ak zam pwouve ke estrateji sible yo mache — epi li posib pou chanje tandans yo."

Depi li te antre an fonksyon, Gouvènè Hochul te kontinye bay anpil inisyativ ak investisman priyorite pou rann New York vin pi an sekirite. An 2023, fiziyad yo te diminye anpil soti nan nivo pik pandemi yo, alafwa nan Vil New York, bese a 38 pousan soti an 2021, ak nan jiridiksyon GIVE yo atravè eta a, bese a 35 pousan. Kounye a, Vil New York retounen nan nivo fiziyad 2016 la epi jiridiksyon GIVE yo te retounen nan nivo 2017.

### **Reprime kanbriyolè yo**

Gouvènè Hochul ap pwopoze yon plan konplè pou atake krim sou pwopriyete, bay ti biznis soulajman, epi bay Nouyòkè yo lapè pandan y ap achte. Atravè eta a, krim sou pwopriyete a ogmante eksponansyèlman depi pandemi an. Soti janvye rive jen 2023, vòl nan Vil New York te ogmante 12 pousan sou menm peryòd la an 2022 ak plis pase 58 pousan konpare ak premye sis mwa 2017 yo. Nan rès eta a, byenke 2 pousan diminisyon pa rapò ak 2017, vòl te ogmante a 3 pousan ane apre ane, tandans lan ap monte. Kòm konsekans, pwopriyete biznis yo ak travayè ki vann an detay yo ap fè fas ak plis estrès ak presyon finansye, epi Nouyòkè yo gen enkyetid ak fristre pou fè pwovizyon senp nan yon famasi lokal, episri oswa magazen ki vann an detay.

Plan Gouvènè Hochul la gen ladann:

- Entwodwi lejislasyon pou etabli penalite kriminel pou mache sou entènèt yo ak vandè twazyèm pati ki ankouraje yo vant machandiz yo vòlè epi ogmante sanksyon kriminel nan ka atak kont travayè ki vann an detay yo;
- Lanse Operasyon Konjwen kont Kanbriyolaj pou kowòdone atravè rezo Sant Analiz kont Krim (Crime Analysis Centers, CACs) nou an repons ajans fòs lòd yo ak pwokirè yo, ki baze sou yon gwoup travay ki gen siksè anndan eta a sou trafik zam, men ki konsantre sou konbat krim vòl òganize;
- Deplwaye yon ekip Lapolis Eta New York ki devwe pou moute dosye kont rezo vòl òganize yo;
- Etabli yon Inite Aplikasyon Lwa Kraze epi Sezi nan Lapolis Eta New York la.
- Elaji travay 11 Sant Analiz kont Krim (CAC) yo nan bay yon rasanbleman entelijans santralize ak yon estrateji koleksyon prèv atravè Eta a ki fèt pou resevwa enfòmasyon nan men detayan ki viktim pa vòl krim òganize. Done sa yo, enfòmasyon ak prèv sa yo ta kolekte pa CAC yo epi pataje ak lapolis lokal yo pou amelyore ankèt ak pouwit krim sa yo atravè jiridiksyon eta yo;
- Etabli yon Kredi Taks Sekirite Komèsyal pou ede pwopriyete biznis yo konpanse depans kèk mezi sekirite magazen yo;
- Ofri finansman pou ekip devwe nan biwo Pwokirè Distri (District Attorneys, Das) yo atravè Eta a ki konsantre sou krim sou pwopriyete, prensipalman vòl an detay òganize;

- Finansman pou DA yo ak nouvo inite SP yo pou pèmèt yon ogmantasyon itilizasyon, aplikasyon lwa ak pouswit kont Afidavi Antre san Otorizasyon ak lòt estrateji legal pou ede ti biznis yo konbat kanbriyaj sa a;

### **Anpeche Vyolans ak Zam**

Gouvènè Hochul pral mande Biwo Prevansyon Vyolans ak Zam lan pou aplike yon seri estrateji konplè ki vize anpeche vyolans ak zam.

- Bay òganizasyon kominotè yo ak lopital yo asistans teknik pou yo alinye pwogram entèvansyon vyolans lopital yo ak Pwogram Ranbousman Medicaid pou Prevansyon Vyolans ki fèk siyen an, ki pèmèt Nouyòkè ki gen revni fèb ki afekte pa vyolans kominotè yo resevwa sèvis prevansyon vyolans nan men espesyalis kalifye;
- Kontinye konsyantizasyon piblik la pou chanje istwa sou vyolans ak zam pou dekouraje estereyotip ki baze sou ras ak klas ki kontinye pwopagasyon enjistis rasyal ak inegalite nan sante;
- Bati sou ekspansyon Lwa sou Alèt Wouj Gouvènè Hochul la nan mwa jen 2022 ki te pèmèt founisè swen sante yo depoze yon petisyon Odonans Pwoteksyon kont Risk Ekstrèm (Extreme Risk Protection Order, ERPO) pou anpeche moun ki montre siy yo se yon menas pou tèt yo oswa pou lòt moun jwenn aksè ak nenpòt kalite zam afe, New York pral ofri fòmasyon ak sansibilizasyon pou founisè swen sante sa yo;
- Konvoke yon Gwoup Travay pou Prevansyon Vyolans ak Zam Sistèm Sante Eta New York la pou konsantre sou enfrastruktir done, tès depistaj risk blesi ak zam afe, ak entèvansyon vyolans nan lopital;
- Kontinye investi nan pwogram jèn yo ki dirije pa kominote yo nan kominote ki istorikman pa gen ase resous ki fè eksperyans pi gwo pousantaj vyolans ak zam.
- Kreye yon sistèm siveyans sendwòm pou blesi ki gen rapò ak zam afe ak yon tablodbò pou piblik la.

### **Redui Vyolans Domestik ak Sipòte Sivivan yo**

Vyolans domestik reprezante apeprè 20 pousan nan asasinay nan Eta a. Chak ane, apeprè 40 pousan atak krim ak 30 pousan atak ki grav andeyò Vil New York gen lyen ak vyolans domestik. Sepandan, yo pa janm pouswiv anpil delenkan vyolans domestik, souvan ki mennen nan konpòtman abizif delenkan yo ki kontinye oswa ogmante. Nan New York, yo te abandone apeprè de sou twa arestasyon ki gen rapò ak vyolans domestik an 2022.

Gouvènè Hochul ap pwopoze investisman solid nan yon seri estrateji pwouve pou ogmante chans pou yo pouswiv ka vyolans domestik ak sezi zam afe, dekouraje vyolans alavni pami delenkan ki gen gwo risk yo, epi ede sivivan yo rekipere yo:

- Bay finansman devwe nan biwo Pwokirè Distri yo nan jiridiksyon GIVE yo pou elaji DV STAT, yon modèl ki te pilote an premye nan Queens ki sipòte

rasanbleman prèw ak bati relasyon ak viktim yo menm anvan yo te fè yon arestasyon.

- Bay jiridiksyon yo finansman pou yo aplike zouti pou evalye risk "estanda lò" pou konsantre sou moun ki gen gwo risk ak viktim vyolans domestik yo;
- Bay jiridiksyon GIVE yo finansman devwe pou konsantre sou delenkan vyolans domestik yo, idantifye moun ki gen plis risk yo epi angaje yo pou redui residivis;
- Bay finansman pou elaji pwogram Sipèvizyon kont Angajman Vyolan (Supervision Against Violent Engagement, SAVE) pou amelyore sekirite piblik pami moun ki fèk libere yo nan konsantre sou vyolans domestik;
- Bay finansman bay jiridiksyon lokal ki fè patenarya ak CAC yo pou konstwi kapasite pou kolekte done fòs lòd lokal yo epi pou travay avèk Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik Eta a pou revize kapasite aktyèl eta a pou pataj enfòmasyon fòs lòd yo konsènan rapò sou vyolans domestik yo. New York pral modènize itilizasyon done enpòtan ki disponib yo lè y ap reponn apèl domestik pou sèvis yo atravè Rapò Ensidan Domestik la epi elaji itilizasyon Sistèm Nasyonal Rapò Ensidan an pou enfòmasyon ak rapò ki enpòtan ki ka sove lavi yo, elektwonik, yo ka pataje, epi yo ka fè rechèch ladan yo nan tout eta a;
- Kontinye angajman Gouvènè a pou l bay sivivan yo èd finansman fleksib pou ijans yo bezwen nan moman kriz yo atravè mikwo sibvansyon yo dwe itilize pou kouvri depans yo nan sitiwayon ijans yo.

### **Konbat ogmantasyon nan Krim Rayisans**

Gouvènè Hochul ap pwopoze lejislasyon pou elaji lis ofans ki elijib pou lajistis kòm krim rayisans pou enkli tout fòm vyòl premye degre, atak gang, fè grafiti, ak ensandi kriminèl, pou site sa yo sèlman. Ant 2018 ak 2022, kantite ensidan krim rayisans ogmante de 69 pousan nan Vil New York ak 109 pousan andeyò Vil New York. Gouvènè Hochul te rete nan premye liy efò yo pou konbat rayisans sou tout fòm li, ki gen ladann apre ogmantasyon dènye krim rayisans ak ensidan arasman yo, ki te lakòz yon ogmantasyon nan ensidan antisemit yo, yon ogmantasyon jiska 214 pousan nan mwa oktòb 2023. Gouvènè Hochul te deplwaye plis Polis Eta nan Gwoup Travay kont Teworis Konjwen an, lansman yon nouvo liy dirèk pou rapòte ensidan rayisans, ak debousman plis pase 51 milyon dola nan sibvansyon pou sipòte sekirite nan 497 gwoup kominotè san bi likratif, mize kiltirèl, ak òganizasyon sivik nan tout eta a.

###